# Ваха Эсембаев и Беслан Ужахов в газете за 1955 год

написано Movladi ABDOULAEV | 04.11.2014



Первая газета депортированных в 1944 году вайнахов «Къинхьегаман байракх» (Знамя труда) рассказывала о жизни и быте вайнахов в выселении.





*Чемпион Ваха Эсембаев*

Джамбулехь вехаш волу Ваха Мухтарович Эсембаев къахьттина дика спортсмен ву, терзанна веза штангист волу. 1952-чу шарахь Казахски ССР-н чемпионан цӀе шена яьккхира цо. 1954-чу шарахь цунах Казахстанан, Средни Азин чемпион хилира цунах терзанна беза болчий: цо 130 килограмм хьаьлаойбу.

Кху муърехь накъост Эсембаев Алма-Атахь республиканский спортсменаш корматалла тоеш гулбеллачухь ву. Москвахь терзанна беза отлеташ ерригсоюзни къовсабаларехь дакъалаца вах кечлуш. И къовсабаларш дӀахуьрду кху шеран июль беттан тӀаьхьарчу деношкахь.

— 1956-чу шарахь СССР-н халкъийн спартакиада хилчахь со луушь ву СССР-н спортан мастеран нормативаш кхочушъя.

Цуидела со хӀора денна а сайн ницкъ толош а, сайн говзалла лакхайоккхуш а болхбеш ву, — элира Эсембаевс.

С. МАНАЕВ.

Газета “Къинхьегаман Байракх”, 1955 год.
Первая газета вайнахов выпушенная после выселения, в которой освещались жизнь и быт вайнахом в местах выселения.

WSPORT-SHATOY

## *Башха спортсмен*

Коммунизм дIахIотторгахь могаш а майра а, чIогIа а хIайтъальла дакъалацархой кхиоран гIуллакх хиларе терра, физкультура а, спорт а къинхьегамхошна юкъахь яржоран гIайгIабеш ду вайн махкахь. Халкъан бахаман массо а дакъошкахь а, дешаран заведенийшкахь а болу кегийрхой шуьйрра шена чулоцуш бу вайн махкахь спортивни болам. Вайн спортсменийх дуккха а дуьненан чемпионаш хилар а, дуьненаюкъарчу физкультурни къийсабаларшкахь Советски Союзан спортсменаш хийла толамаш баьхна хилар а къегина тоьшалла ду вайн мех-

Вайн республикан тоьлашха болчу спортсменашна юкъахь терзанна вайволу борец Ужахов Беслан ву.

Казахстанан цIарах Ерригсоюзехула классически а, вуьшта а охьатохалеташ къийсабаларехь мосуьйттазза а дакъалацархо ву иза. Оцу тайпана йолу спорт дIахьош ву иза 1952-чу шарахь дуьйна. Физически культуран центральни советан ерригсозан терзанна байволу спортсменаш охьатохалеташ къийсалучухь вайн Ерригсоюзехь 4-гIа меттиг яьккира цо. Казахски республикан физкультуран, спортан гIуллакхийн Комитето спортивни хьалхара разряд елла цунна. Шен кхиамийх



тоамбина цаIаш, иза спортсменаш Iаморан болх дIахьош ву, цо хIинцале 1-чу разрядан — 2, шозлагIчу разрядан — 7 спортсмен а, кхозлагIчу разрядан — 20 физкультурник а кечвина.

ШозлагIчу июлехь Беслан Ужахов самолета тIехь Львов гIала вахана тренераш юха а кечбеш йолчу ерригсоюзан гулбаларшка.

Дж. ЧАПАНОВ.

Первый номер газеты за 9-е июля 1955 года (с сайта «Забвению не подлежит» — http://www.deport-chr.ru)

[gview file=»https://wsport.su/wp-content/uploads/2014/11/Kinhegaman_bayrakh.1.pdf»]